

# Regional Enrichment Centers



Bill de Blasio  
Mayor

Richard A. Carranza  
Chancellor

## Apèsi pou Fanmi

### Kisa yon Sant rejyonal pou ranfòsman (Regional Enrichment Center, REC) ye?

Yon REC se yon lokal ansekrite pou ranfòsman ke Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) kreye pou founi gadri pou timoun premye sekouris yo ki enpòtan anpil nan efò k ap fèt pou konbat viris COVID-19 lan.

Anviwon 100 REC atravè vil yo chak ofri aprantisaj adistans; twa repa cho chak jou; ak gadri; ansanm avèk art, mizik, ak edikasyon fizik. REC yo gen ladan Sant edikasyon pou debitan anplis lokal K-12, epi y ap disponib nan tout distri lekòl.

Nou vize an premye nivo, founisè swen sante yo, premye sekouris yo, ak travayè esansyèl transpò piblik yo. Pandan n ap kontinye, n ap chèche pou mete ladan lòt founisè sèvis esansyèl, ak timoun ki nan shelter.

Nan pi bon enterè elèv ki frajil sou plan medikal, nou pa rekòmande pou yo vini nan REC yo, epi n ap travay avèk Depatman sante pou asire yo kontinye jwenn sèvis medikal.

### Kilè REC yo ap ouvri?

REC yo bap kòmanse fonksyone Lendi 23 mas 2020.

### Kòman mwen ka enskri pitit mwen an?

DOE ap kontakte travayè an premye plan yo, ki gen ladan premye sekouris ak travayè swen sante; travayè transpò; travayè sanitasyon; anplwaye esansyèl ajans Vil la; ak òganizasyon / ajans patnè nou yo pou ede yo enskri pitit yo atravè yon fòm entènèt fasil pou jwenn. Gen yon repons k ap tounen vin jwenn fanmi an avèk lokal kote yo ofri yo a, epi n ap ba yo priyorite nan lokal ki pi pre kote yo abite.

### Eske pitit mwen an dwe ale avèk okenn bagay nan REC yo?

Pitit ou a dwe vini avèk yon aparèy (tankou laptop, tablet, oswa telefòn) ke yo ka itilize pou aprantisaj adistans si posib.

### Kòman yon jounen tipik sanble?

Lè fonksyonman: 7:30 a.m.– 6:00 p.m.

Orè pwogram nou tante genyen:

- Maten: Opòtinite aprantisaj adistans
- Apremidi
  - Arts
  - Edikasyon fizik ak espò (3 p.m.– 6 p.m.)

### Kijan ou pral kenbe REC yo ansekrite?

Sante ak sekirite elèv ak estaf nou yo rete pi gwo priyorite nou. Nou pral suiv tout pwotokòl distans sosyal yo nan REC yo, ki gen ladan kenbe 6 pye nan distans ant moun ak limite salklas yo pou gen mwens pase 9 elèv. Nenpòt moun ki malad dwe rete lakay yo. Y ap netwaye ak dezenfekte lokal yo regilyèman.

### Kiyès ki pral nan lokal sa yo kòm estaf?

REC yo ap fonksyone avèk anplwaye devwe DOE, ansanm avèk anplwaye patnè nou yo nan plizyè douzèn òganizasyon kominotè. Nou gen rekonesans pou anpil anplwaye DOE ki deja ofri pou vin travay nan lokal sa yo.

### Ou gen lòt kesyon?

Al sou sit [schools.nyc.gov/recs](https://schools.nyc.gov/recs) pou jwenn plis enfòmasyon.